

JWENN ENFÒMASYON YO.

LI DISPONIB
PR GRANMOUN,
TIMOUN AK TIBEBE
KOUNYA.

PWOTEJE PITIT OU A.



PWOTEJE KOMINOTE W LA.

Timoun ak jèn yo pral pi an sekirite lè yo vaksinen.

Vaksen an pwoteje tout moun, sa ki genyen ladann timoun ak jèn, pou yo pa genyen COVID-19. Vaksen an anpeche timoun ak jèn pou yo pa vin grav si yo malad.

Genyen nouvo varyan COVID-19, tankou varyan Delta, ki pwopaje pi fasil epi gendwa lakoz sentòm ki pi grav. Vaksen yo pwoteje kont varyan tankou Delta.

Vaksinen timoun ak jèn ap pwoteje tout kominote a.

Yon fwa yon moun vaksinen, li pi difisil pou pwopaje COVID-19 bay lòt moun. Lè timoun kalifye vaksinen sa pwoteje:

- Zanmi ak fanmi yo ki poko vaksinen.
- Granmoun ak moun ki genyen kèk kondisyon medikal ki anba gwo risk malad grav ak COVID-19.

Ofiramezi plis timoun ak granmoun ap vaksinen, li pral pi fasil pou lekòl ak biznis kontinye ouvri.



SAN DANJE AK EFIKAS

- Pa gen ankenn vaksen yo janm teste pou sekirite l nan nivo sa a nan listwa Etazini.
- Vaksen an pwouve li san danje pou timoun, jèn ak granmoun, sa ki genyen ladann ras, etnisite ak laj diferan.
- Pa genyen evidans ke vaksen an pral anpeche pitit ou a genyen pwòp pitit pa li yon jou.

GRATIS POU TOUT MOUN

- Oumenm ak pitit ou ka jwenn yon vaksen gratis kèlkeswa **sityasyon w ak imigrasyon**.
- Ni oumenm oswa pitit ou pa bezwen **montre Idantifikasyon w** oswa genyen **asirans sante**

Kisa Pou w atann

Yon fwa yo vaksinen pitit ou a kont COVID-19, yo ka retounen san danje nan aktivite nòmal yo tankou al lekòl, fè espò, ak vizite zanmi ak fanmi yo.



Nan randevou a:

- Avan enfimyè oswa doktè a bay pitit ou a vaksen an, yo pral pale w de li, revize istorik medikal pitit ou a epi mande w si w pa genyen kesyon.
- Pitit ou a pral bezwen rete pandan 15–30 minit pou asire ke li pa fè alèji.



Ti efè segondè lejè nòmal

Efè segondè PA vle di pitit ou a genyen COVID-19.

Efè segondè yo vle di ke vaksen an ap montre kò pitit ou a kòman pou li konbat COVID-19.

Ti efè segondè lejè gendwa gen ladan yo :

- Doulè oswa enflamasyon nan bra kote yo te ba w vaksen an
- Fatig
- Tèt fèmäl
- Doulè nan mis
- Frison
- Fyèb
- Kè plen



Efè segondè grava ra anpil

Vaksen yo san danje. Li pi fasil pou pitit ou malad grav akòz yon enfeksyon COVID-19 ke akòz yon vaksen.

Gen yon ti kantite jèn moun ki te fè eksperyans efè segondè tankou enflamasyon kè (ke yo rele myokad oswa perikadit) oswa boul san.

- Efè segondè grava **ra anpil**
- Efè segondè grav **ka trete** epi pifò moun ki genyen yo vin fè mye
- Avantaj vaksen an pi bon lontan pase nenpòt risk ki asosye avèk li

MANDE DOKTÈ W PLIS ENFÒMASYON

Pale ak doktè oswa enfimyè pitit ou pou aprann plis sou vaksen COVID-19 yo ak lòt vaksen pitit ou a gendwa bezwen.